Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИ-ЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 36 (9778) / 3 сентябрь 2018 с. / итни 23 Зуль-Х1иджа 1439 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.

## АТКялъул данделъиялда...



27 августалда, районалъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаевасул бетӀерлъиялда, администрациялда тӀобитӀана АТКялъул иргадулаб данделъи.

Гьенире гӀахьаллъана- райадминистрациялъул,организациябазулгун учреждениябазул жавабиял хӀалтӀухъаби, жамгӀиял гӀуцӀабазул, ОМВДялъул вакилзаби, диниял церехъаби, росабазул администрациябазул бутӀрул. Гьединго, гьенив гӀахьаллъана РДялъул ФСБялъул хӀалтӀухъанги.

Данделъиялъул хал гьабиялде росун рукӀана:

**1. Районалъул терроризмалде данде къеркьелъул комиссиялда цебе гӀуцӀараб хӀалтӀул группаялъ 2018 соналъул тӀоцебесеб бащдаб лъагӀалида жаниб гьабураб хӀалтӀул хӀисабкьей.**

**(АТКялъул комиссиялъул секретарь И.Б. Салимханов).**

**2.Терроризмалде данде къеркьеялъулъ лъайкьеялъул учреждениябазда гьабулеб хӀалтӀул хӀакъалъулъ информация.**

**(М.-р. И. МахӀамаев-РУОялъул начальник,З.С. Темирбулатова-Дилим росдал гимназиялъул директор,А.М. МухӀамадов-лицеялъул директорасул заместитель).**

**3.Цоабилеб сентябралда хурхун,жамгӀияб гӀадлу-низам ва хӀинкъигьечӀолъи чӀезаби.**

**(С.М. Салатгереев – ОМ ВДялъул начальникасул заместитель).**

**4. АТКялъ гьарурал хӀукмаби бетӀералде рахъинариялъул хӀакъалъулъ информация.**

**(Ш.В.Расулов - АТКялъул специалист).**

Жиндирго кӀалъаялда И.Б. Салимхановас абуна: **«Районалда гьабсагӀат хӀалтӀулеб буго терроризмалъул идеологиялде данде къеркьелъе гӀуцӀарабункъо программа. Гьеб программаялда гьоркьор рихьизарун руго-законал цӀунулел органал, муниципалияб власталъул гӀуцӀаби, жамгӀиял, диниял гӀуцӀабазул хӀаракатчагӀи, лъайкьеялъул, культураялъул, спорталъул ,СМИязул ва гь.ц. хӀалтӀухъаби.**

**ГӀадатлъун лъугьун буго районалда «гургинал» столал,дандчӀваял, гара-чӀвариял,спорталъул къецал,акциял,форумал ва гь.ц. тӀоритӀи.**

**Гьединго, «Салатавия» телестудиялъ рихьизарула батӀи-батӀиял роликалгун документалиял фильмал. Гьелъги кумек гьабула террористазул группабазде гьоркьоре районалъул гӀолохъаби унгутӀиялъе.**

**Районалъул администрациялъ киналниги гӀуцӀабигун гьабураб хасаб ва гьоркьоса къотӀи гьечӀеб профилактикаялъулаб хӀалтӀиялъул хӀасиллъун ккола 2018 соналъул бащдаб лъагӀалида жаниб терроризмалде хурхараб цониги такъсирчилъиялъул хӀужаялъул хъвай-хъвай гьечӀеблъи. ЛъикӀаб рахъалдасан рехсезе бегьула Калининаулалъул, ИчкӀаялъул, Гъосталаялъул, Хубаралъул ва Алмахъ росабазул АТКялъул комиссияби»**,- ян.

Хал гьабиялде росарал суалазда тӀасан кӀалъаял гьаруна- М.Б.ГӀалхановас, С.М. Салатгереевас, М.-р.И.МахӀамаевас, З.С.Темирбулатовалъ, А.М.МухӀамадовас, Ш.В.Расуловас.

Гьез, къокъгъабун, бицана терроризмалде гӀолилал унгутӀиялъе, хӀинкъигьечӀолъи чӀезабиялъе гьарулел хӀалтӀабазул,гьенир дандчӀвалел захӀмалъабазда ва цере чӀарал масъалабазул.

Данделъиялъул ахиралда ХӀ.ХӀ. Мусаевас абуна: **«Нилъеца,цадахъ лъугьун, гӀезегӀанго хӀалтӀи гьабуна районалда терроризмаялде данде къеркьеялъулъ. ХӀасилал квешал гьечӀинги абун, гӀодор риччан чӀезе бегьуларо, хӀалтӀи цӀикӀкӀинабизе ва къеркьей гучӀлъизабизе ккола. Цоги нухалъ абулеб буго, цадахъаб хӀалтӀиялъ нилъер хӀасилал лъикӀлъизаризе руго. ХӀажат буго, гьанжесел тӀалабазда рекъон, хӀалтӀи гӀуцӀизе»**,-ян.

*И. ИДРИСОВ.*

## Ц1ияб ц1алул соналде...

Умумузда лъик1 лъала ц1ияб ц1алул соналде лъимал х1адуриялъулъ дандч1валел зах1малъаби, хасго гьелъ жидеда **«х1унчула»** лъимал г1емерал ва ресалда гьеч1ел умумузда. Дагьабги зах1мат бук1уна бесдаллъиялде ккарал лъималазе. Ахириял соназ, гьединазе гурх1ел-рах1муялъулаб кумек гьабулеб буго х1укуматалъ, бат1и-бат1ияб г1уц1абаз ва фондаз. Т1адехун рехсаразе гьез кумек гьабула рет1ел-хьит, школалда х1ажатал алатал росиялъе.



25 августалда, гурх1ел-рах1муялъул фондазул цояблъун кколеб, **«Инсан»** фондалъ Дилим росулъ т1обит1ана **«Бесдалал школалде х1адуре»** абураб акция. Гьенире г1ахьаллъана – районалъул имамасул заместитель Мух1амадафанди Инабасов, росдал администрациялъул бет1ер Ибрагьим Мух1амадов, **«Казбек районалъул г1олилал»** ДРООялъул председатель Ах1мад Иманшапиев ва цогидалги.

Лъималазе гьенир кьуна г1арцулал сайгъатал ва школалда х1ажалъулел алатал.

---

Гьединабго тадбир т1обит1ана 27 августалда районалъул культураялъул Централдаги.

Социалияб рахъалъ г1адамал хьезариялъул Централъул директор Юсуп Исх1анбегович Мух1аевасул х1аракатчилъиялда, **«Хъиргъу»** тукадул ва райадминистрациялъул кумекалдалъун, **«Х1адуре лъимер школалде»** ц1аралда гьоркь, т1обит1араб гьеб акция лъугьана г1езег1анго лъималазе рохел кьураблъун.



Акция т1обит1улезулгун ккараб гара-ч1вариялда гьез абуна: ***«Нижер мурадлъун буго гурх1ел - рах1муялъулаб кумек гьабиялде, ресалда ругел цогиял ц1азе ва гьезда бихьизабизе кинал зах1малъабигун ресалда гьеч1ел дандч1валелали. Гьедин гьабиялъ рес кьезе буго г1адамазул рак1азулъ лъик1лъи ва гурх1ел рижинаризе»***,-ян.

Лъималазе школалда х1ажалъулел алатал кьеялдалъун лъуг1ин-ч1о гьеб тадбир. Культураялъул х1алт1ухъабаз гьезие г1уц1ун бугоан г1ат1идаб концерталъулаб программаги.

## Активалъул данделъи т1обит1ана



28 августалда райадминистрациялда т1обит1араб активалъул данделъиялде босараб ***" Ц1ияб 2018-2019 ц1алул соналде лъайкьеялъул учреждениябазул х1адурлъи"*** абураб суалалда т1асан докладгун цеве вахъана лъайкьеялъул Управлениялъул начальник М-расул Имамирзаевич Мах1амаев.

Данделъиялда г1ахьаллъана-**«Казбек район»** Муниципалияб г1уц1иялъул бет1ер Х1.Х1. Мусаев, гьесул заместителал: И.И. Шабазов, З.Н. Эмеев, И.Б. Салимханов, росабазул администрациябазул бут1рул, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.

Гьенир, изну гьеч1ого, яргъид г1уц1арал гъачагъазде данде къеркьеялъулъ жигараб г1ахьаллъи бихьизабурал халкъиял ополчецазе кьуна районалъул бет1ерасул Баркалаялъул кагътал.

Гьединго, районалъул лъайкьеялъул учреждениябазе спонсорлъи гьабуразе, росабазул администрациябазул бут1рузе, ц1ияб ц1алул соналде х1адурлъиялъе кумек гьабуралъухъ Х1.Х1. Мусаевас баркала загьир гьабуна.

*С. СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.*

## Нухмалъиялъул конкурс ахиралде швана

Дагъистаналъул бет1ерасул ишал т1уралев В. Васильевас лъазабураб нухмалъиялде х1адурлъиялъул конкурсалда г1ахьаллъана 11 –азаргоялдаса ц1ик1к1араб къадар г1адамазул. Конкурсалъул ункъабго этап т1обит1ун хадуб, финалалде ана 161 чи. Гьел ккола Россиялъул 13 регионалдаса г1адамал. Гьезда гьоркьов вуго Пакистаналдаса чиги.

*Информцентр.*

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

# Муг1алимзабазул августалъулаб конференциялда...

28 августалда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана лъайкьеялъул х1алт1ухъабазул конференция. Гьенире г1ахьаллъана – районалъул бет1ер Х1.Х1.Мусаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гъирисханов, районалъе, гьелъул бат1и-бат1иял г1уц1абазе нухмалъулел ва гьалбал. Т1аде щвараб ц1алул ц1ияб сон данделъараздаги баркун, тадбир рагьана Х1.Х1. Мусаевас.



Жиндирго к1алъаялда гьес абуна: «**Дица баркала кьола муг1алимзабазул къиматаб зах1маталъе, к1вах1тун, гьабулеб х1алт1иялъе. Нужер х1аракаталъ, т1адч1еялъ 2017-2018 ц1алул соналъул х1асилал квешал ккеч1о. Руго х1алт1улъ г1унгут1аби, амма нилъеда т1адаб буго гьел т1аг1инариялда т1ад х1алт1изе»,** - ян.

Гьес хасаб т1адч1ей гьабуна 9 класс лъуг1ун аразул, ЕГЭ кьезе к1веч1езул хадусеб г1умруялъул нух кинаблъун бугебали лъазабиялда ва гьезие т1адеги лъай босизе кумек гьабиялда.

Гьеб конференциялда гьабураб жиндирго докладалда, г1ат1идгьабун, М.-р.И.Мах1амаевас бицана араб ц1алул соналъ районалъул лъайкьеялъул учреждениябаз гьабураб х1алт1ул, ккарал церет1еязул, ругел нахъеккезул ва дандч1варал зах1малъабазул.

Гьес абуна: «**Россиялъул «Лъайкьей цебет1езаби» программаялда рехсарал масъалаби т1ураялда т1ад х1алт1изе рихьизарун ругел 2014-2020 соназда жанир, лъайкьей ц1игьаби мурадалда нилъ ц1ол1изе кола. Обществоялъул т1алабалда рекъон, ч1еч1ого, гьеб лъик1аб рахъалде хисулеблъун бук1инаби буго цебе ч1араб ва аслияб масъала. Гьедин гьеч1они, лъайкьей цебе ине гьеч1о. Араб соналъ лъайкьеялъул ккарал х1асилал цо рахъалдасан руго рохалилаллъун, цогиялдасан – т1ад ургъизе кколеллъун»,** - ан.

Хадусан гьес т1адч1ей гьабуна школазда, лъималазул ахазда бугеб ах1вал-х1алалда. Бальгольи гуро, районалда лъималазул ахазул къадар г1ейгьеч1еб бук1ин, лъаг1елаз умумул очередазда ч1ун рук1ин. Хасго х1алуцараб ах1вал-х1ал буго - Ленинаул, Калининаул, Гертма ва Гуни росабалъ.

«**Араб ц1алул соналъ дагьалъги «къвак1изарун» рук1ана ОГЭ ва ЕГЭ экзаменал кьеялъул къаг1идаби. Гьедин бук1аниги, экзаменал кьеялъулъ ц1алдохъабазул х1асилал квешал ккеч1ин абизе бегьула.**

**9 классалъул ц1алдохъабазул 8-гоясда к1веч1о аслияб заманалда экзамен кьезе. 11-аб.классалъул 175 ц1алдохъанасда гьоркьоб, 166 ц1алдохъанас гьел лъик1 кьуна. Гьезда гьоркьосан 17 ц1алдохъанасе щвана меседил медалал»,** - ан абуна гьес.

Гьенир М.-р.Мах1амаевас рехсана ц1алулъ т1ок1лъи бихьизабурал, ЕГЭялда ц1ик1к1ун баллал щварал, олимпиадабазда ва бат1и-бат1иял къецазда призераллъун рахъарал ц1алдохъаби.

«**Нилъер районалъул муг1алимзабазги жигараб г1ахьаллъи гьабуна районалда, республикаялда ва зонаял**



**да т1орит1улел къецазда. Гьел г1ахьаллъана – «Лъаг1алил учитель», предметазул «Бищун лъик1ав учитель», «Бищун лъик1ав педагог-организатор» ва гь.ц. къецазда ва гьез гьенир росана призалъулал бак1ал. (Гьезул х1акъалъулъ «Чапар» газеталда, г1ат1идгьабун,хъван бук1ана. Ред.).**

**Цебе ч1араб аслияб масъала буго муг1алимзабазул лъай борхизаби, лъайкьеялъул учреждениябазул минаби стандарталде данде кколеб къаг1идаялда х1адури. Гьеб цо къоялъул иш гуреблъи нилъеда лъала, амма гьелда т1ад бажарараб, щибаб къойилаб х1алт1и гьабизе ккола. Гьеб цого школазул коллективаз т1убалеб иш гуро. Гьелъулъ администрациябаз, жамаг1атаз г1ахьаллъи гьабич1они, гьелъул х1асил баккизеги гьеч1о»,** - ян абуна гьес.

Докладалъул ахиралда М.-р. И.Мах1амаевас данделъиялъул г1ахьалчаг1азда баркана лъаялъул Къо. Гьарана гьезие сахлъи, рохел, талих1 ва гьабулеб х1алт1улъ бергьенлъаби. Жидецаго х1алт1улъ, ц1алдохъабаз ц1алулъ росарал бергьенлъабазул бицун к1алъазе рахъана директорзаби: Х.Н.Аскендерова (Ленинаул) ва Д.А.Салатгереева (Гъозтала).

Киназулго рак1азе асар гьабураблъун бук1ана лицеялъул директорасул заместитель Абут1алиб Мух1амадовасул к1алъайги.

Ц1алдохъабазе лъайгун тарбия кьеялъулъ лъик1ал х1асилал рихьизарурал муг1алимзаби к1одо гьаруна «**Лъайкьеялъул отличник**» абурал ц1араздалъун, районалъул администрациялъул, РУОялъул ва Реском профсоюзалъул Х1урматалъул грамотабаздалъун. Гьединго, муг1алимзабазгун ц1алдохъабаз рихьизарурал лъик1ал х1асилазул, лъималазул ахазда т1орит1арал методикиял х1алт1абазул ва гьеб рахъалде кьезе бугеб к1варалъул бицине цее яхъана ИМЦялъул методист Д.Г1абдулах1итова.

Данделъи ахиралде щвана муг1алимзабазул суалазе жавабал кьеялдалъун.

***Х1.КАРИМОВА.***

*Инсан ва г1умру*

# Рак1алдещвеял



Гьанжесеб «**Хъиргъу**» тукадуе кьучІ лъурав, жиндир мунагьал чураяв, СагІидбег кколаан дунгун гІелбащадавлъун ва дир божарав гьудуллъун.

Школалда цІалулеб, гьев буртабазул совхозалда бухгалтерлъун хІалтІулеб заманалда, жиндир мунагьал чураяв, Хъиргъуев Хъиргъу, СагІидов Сайдула, ГІадиев ГІайнудин, Къадил ГІумар(Эменав), Шайхов МухІамадгІали, Валил Ганжахан рукІана цоцаздаса ратІалъуларел гьалмагъзабилъун.

Хадусан къисматалъ ниж рахъ-рахъалде рачана. СагІидбег гочана Хасавюрталде, Ганжахан хутІана ХІамзаюрталда, бищунго лъикІав СагІидбегил гьудул –Хъиргъу, автоавариялъул х1асилалда, г1умруялдаса ват1алъана.

Ана сонал, СагІидбегица байбихьана даран-базаралде. Рагьана гьитІинабго тукен. Хадусан гьеб к1одо гьабуна. Дагь-дагь ккун, гІатІилъана даран-базаралъе рагьарал каваби.

Гьедин гІун бачІана Даитовас жиндирго божарав гьудул Хъиргъул цІар кьураб империя.

СагІидбег вукІана гьимун гурони кІалъаларев, кидаго кумекалъе хІадурав инсан. Гьес щулаго ккун букІана исламалъул рахъги.

СагІидбегица тІоцебе Хасавюрталда рагьана исламияб университет. ПуцІана мутагІилзабазда гьоркьор конкурсал. Кумек гьабуна - нухал, кьоял къач1аялъе, янгъизалгун язихъазе, бесдаллъаразе, х1ежалде ине рес гьеч1езе, ц1алул заведениябазде ва батІибатІиял хІалтІабазде лъугьунезе.

Гьединав, нилъеда къимат кьун бажаруларев, сахаватав, иман-яхІ бугев вукІиналъ ватила гьев мунагьал чурад Аллагьас, къокъидго, ахираталъул рукъовеги вачарав. Т1олабго инсаниятальулго г1адин, СагІидбегилги рукІун ратула мажгиталгун мадрасал разе ва халкъалъе хъулухъ гьабизе анищал.

Кин букІун батаниги, гьесул гьел анищал, гІодор течІого, гІумруялде рахъинаризе х1аракат бахъана гьесул вас ГІузайрица. Г1езег1анго улкабазда «**Хъиргъу**» тукадул цІар тІибитІана ва гьеб ккола дармил тарихалъулъ гуребги жиндир цІар хъваялъе Саг1идбегица лъураб кьуч1лъун.

Машгьурлъана цІар гьелъие жакъа бетІерлъи гьабулев ГІузайри Даитовасулги. Гьес жиндир инсул росулъ бана 2 мажгит ва гьезул цоялъе кьуна инсул цІар. Гьединго, Мах1ачхъалаялда,Буйнахъскиялда ва Дербенталдаги рана Г1узайрица мажгитал.

Гьес щибаб къойилаб ва ишалъулаб кумек гьабула, мадрасазда цІалулезе, сакъатазе,бесдаллъаразе, рагъулгун захІматалъул ветеранaзе. Дун, дицаян абичІого, лъидаго раг1инабич1ого, гьабула Г1узайрица гІадамазе кумек. Рак1ч1ун, абизе бегьула Г1узайри вугин инсуда релълъараб, г1адамазе бокьулеб г1амал-хасияталъул васан.

***М.ГІ. ЧУПАЛАЕВ.***

*Ишахиса лъим*

# ЛъикІаб къимат къуна



29 августалда Ишахи участокалдаса лъим бачине нух гьабулел хІалтІухъабазе щвана жамгІияб палатаялъул председатель ХІажи Адимирзаев, Спорткомитеталъул председатель Ибрагьим Булатханов, социалияб Фондалъул районалда вугев вакил Юсуп МухІамадтІагьиров ва Буртунай росдал имам Рамазан Къасумов.

Гьел дандчІвана гьенир хІалтІулел- Тимиравв Юнусовгун, Гьайирбег ГІалиевгун, Алмахъ росдал жамгІаталъул вакил Салман Сахрудиновгун ва Буртунай росдал бетІер АхІмад Салмановгун. Гьез хал гьабуна гьабураб хІалтІул, загьир гьаруна лъим бачиналда сверухъ жидерго ругел пикраби.

Механизаторaз гьабураб хІалтІуе гьез лъикІаб къимат кьуна.

Баянаб букІахъе, «**Чапар**» газеталда (№35,27 август) бахъун букІана «**Нахъа тана 8 км. нухалъул**» абураб макъала. Гьоркьоб араб -анкьалда жаниб нахъа тана жеги 500м. Гьеб манзилалъ рихьизарула лъехъе нух бахъиялда дандчІвалел захІмалъаби.

Гьединаб х1 аракаталда хІалтІани, 10-15 сентябралде лъарал бетІералде нух щвезе букІиналда щаклъи гьечІо.

Лъим бачин жидеда тІад базабурал росабазул вакилзабада цебе ч1араб аслияб масъала буго хехго гьеб бачиналъе рогІрал бакІалде щвезари.

***Информцентр.***

Цебесеб - 33, 34 номеразда.

Пат1а Айтемирова

# Къисматалъул кьерал

## (Къиса)

- Г1одуге, г1одое йиччай.

Щиб абилебали лъач1ого, мугъалда бахъараб дир кквераль бицана гьелъул чорхол х1алакъ-лъялъул. Гьелда рет1ун бук1ана халатаб горде ва т1адч1ван бук1ана к1удияб к1аз. Гьай унтундай йиго ян суалги диего кьун, сих1 къот1ун ч1ана дун.

- Лъимал ракъун руго, гьез чед гьарулеб буго. Ч1ужуг1аданалъул гьаракь синкъулеб бук1ана.

- Кин гьеб? Ракъун? Гьеб къоялъ дихъан г1антал суалал гурони кьун унел рук1инч1о. Дида бич1ч1унеб бук1инч1о, кин гьадинаб рукъор лъимал ракъун рук1ине бегьулебали.

- Дир гьеч1о г1арац, дида лъаларо кие иней чед босизе-ялиянги абун, гьей дагьайги лъик1 г1одизе лъугьана. Г1емер йиххиялъ дида к1очана цадахъ квен бук1инцин.

- Дун ина чед босизе. Киб бук1аниги батилагури гьаниб тукен, шагьранухаехун ина, мун лъималазда аск1ое а. Вай, дица бицунеб щиб? Дихъ кодоб гурищ квен бугеб? Ма, кваназаре лъимал.Дир борхараб гьаркьихъе ч1ужуг1аданалъул г1оди къот1ана. Дица кодор лъурал пакеталги росун, гьей кавуялъухъан жание ана.

-Баркала, садакъалъун батаги, Аллагьас хьихьаги мун.

Гьелъул раг1аби азбаралдасан раг1улел рук1ана. Хадуб рукъалъул нуц1а рагьулеб сас бахъана ва лъималазул к1алъай раг1ана.

**5**

Дир кверазе ва рак1алъе г1аламатаб т1адагьлъи щвана. Кинабго лъик1 ккана, г1адада гурей йик1ун йиго дун гьанже ккарай, Т1адег1анас диде х1ажалъи ккаралъуе ячана дун. Ц1ик1к1ун квен босун бук1инги лъик1. Ахирги лъик1аб ккана дир сапаралъул. Гьединал пикрабигун, к1азги бит1изе гьабун, дицаго гьабуралдаса разигоги йик1ун, дица нахъе ине галаби росана.

«Ч1ая. Хадуб щиб ккезе буго? Гьабсаг1ат лъималаз гьеб квен кванала. Метер щиб гьез гьабилеб? Чед босизе г1арац гьеч1огури дозул? Щай гьадинаб бечедаб рукъоб чед гьеч1еб? Щиб гьабсаг1ат гьаниб ккараб жо? Дун, гьит1инаб лъимер г1адин, гуккулейищ йигей?» Дир пикраби цоцалъ рана, квеш кколеб бук1ана дунго гуккун ятилин. Дир х1укму ккана кинабго якъин гьабизе. Рек1елъе рач1унел рук1ана ч1вадарухъаби яги цоги квешаб пишаялъул чаг1игун дандч1вазе бегьулин абурал пикраби. Ригь араб дир г1умруялъе гьелъул х1инкъи бук1инарин х1исабги гьабун, кинабго к1очон тун, дица каву рагьана ва бит1ахъе рукъое ана. Гвангъараб, ц1акъ ч1ух1ун къач1араб, жание лъугьараб рукъосан дир берч1вана квен гьабулеб рукъор, хьант1ун, пурщабигун ц1ибил кваналел гьит1инав васасда ва ясалда. Гьезул талихъал берал рихьун, дун дирго пикрабздаса нечана.

-Эбел, яч1а мунги нижгун кваназе, -ян ясалъ ах1улей йик1ана диде данде яхъарай эбел.

- Дида мун к1очонго танагури, яч1а жание.

- Мун кваназе а, дун гьаний ч1ела.

Дица хал гьабуна берцинаб рукъалъул. К1иабилеб т1алаялде унел ц1улал болъаби, мармаралъул накъищ гьабураб ч1абар, гьелда рекъараб миллияб накъищги бугеб, къадада бигьараб гьит1инаб халича, миккил ц1улал рорхатал нуц1би, гьезул меседил кьералъул г1оркьал кинабго бук1ана ц1акъ рекъезабун г1уц1ун. Х1арщул ц1урал хьитал рахъизе лъугьана дун.

-Кверал чуризе гьание а, дица дур хьитал ва рет1ел бакъвазе гьабила.

Ваннаялъул ва цогидаб къайиялъул санаг1алъиялъе къиматги кьун, дун къват1ие яхъиндал, стол бак1арулей йигоан лъималазул эбел.

-Дуе квенго щварабищ?

-Щвана. Баркала дуе. Мун дандч1вач1ейани, щиб дица гьабилеб бук1арабали лъаларо, к1иабилеб къо бук1ана г1урччинлъи гуреб жо лъималаз кванач1ого.

-Щиб ккараб? Щай мун гьадинаб рукъой, г1арацги гьеч1ого, йигей?

Ч1ужуг1адан дихъ ялагьана, пашманлъиялъул ц1урал бераздаса чвахулеб маг1у ясалдаса бахчизе х1аракат бахъулеб бук1ана гьелъ. Ясан абуни, гьенибго бугеб диваналда вегарав вацасде аск1оеги яхун, кьижун кколей йик1ана.

-Халатаб хабар буго гьеб. Дида лъаларо кий ва лъил рукъой дунго йигеяли, киг1ан мехалъ гьаний хут1илеяли.

Гьанже гьей, рак1-рак1алъго, г1одилей йик1ана. Рек1елъан бач1унеб угьиялъ бицунеб бук1ана к1удияб ургъел ва къварилъи гьелъие бук1ин. Дица х1аракат бахъулеб бук1ана гьей г1одой йиччазайизе, лъималазул т1алаб гьабилин, кумек гьабилин, г1агарал чаг1и ц1ехелин абун. Т1ок1аб щиб гьабилебали лъаларого, гьелъул х1алакъал гъуждузда т1ад квер бахъулей йик1ана дун.

- Гьеч1о дир щивниги г1агарав чи!

- Лъималазул эмен кив?

- Гьев ч1вана.

- Лъица?

- Лъаларо.

- Гьаб рукъ лъил?

-Лъаларо. Хадув чи вач1инег1ан кийниги унгеянги абун, тана дун гьаний?

- Киг1ан мех дуца гьаниб барав?

- Ункъо моц1.

- Дуде т1аде чигойищха вач1инч1ев, мун къват1иего яхъинч1ейищ?

- Цо-к1иго нухалъ кавудал к1алт1а херай ч1ужугун дандч1вана дун. Гьей йик1ана дандбит1ун бугеб рукъоса чаг1азул эбел. Т1убараб къоялъ лъималги х1алт1уде ун, жийго йик1унаан гьей. Хадуй гьейги кие араяли, нахъе ана.

- Щиб кванан нуж рук1арал гьебщинаб заманалъ?

- Кваназе жо рукъоб бук1ана, хадуб кинабго лъуг1ана.

- Чед босизег1агийищ мун къват1ие яхъунарей йик1арай?

- Дихъ г1арацги бук1инч1о, ханждал къандалъаби рук1ана гьанир, дица бежулаан чед, пурщаби, панкъал, релъунаан хинк1ал. Г1ураб кваназе жо тун бук1ана гьаниб - бакъвараб гьан, консервал, нах, х1ан. Паст1аниб бижараб г1урччинлъиялъул пурщаби гьарулаан.

- Гьал гьит1инал лъималазе рахь, дараби, гьуинлъи, пихъ кьезе кколаребищ? - Дун релъулъуней йик1ана маргьуялда т1асан суалал кьолеб лъимералда. Х1икматаб къисматалъул баянлъи лъазе бокьун бук1ана дие.

- Дарабиги рук1ана, гьел х1ажалъич1о, лъимал унтич1ого рорч1ана. Конфетал, печеналги рук1ана, рахь гьабулеб порошокги бук1ана. Рукъалда нахъа бугеб г1ечул гьот1одаса пихъ лъуг1изег1ан кванана нижеца. Дой хералъ нижее кьун бук1ана куракалъул ящик, гьезие г1емер бач1ун бугоан маг1арухъа. Дица вареньеги гьабун бук1ана, гьебги кванана.

Къват1исан раг1улеб бук1ана лъик1го базе лъугьараб ц1адал гьаракь. Ниж, сих1къот1ун, ч1ун рук1ана. Дица хал гьабулеб бук1ана гьай г1аданалъул. Кьогоялдаса т1аде сонал гьеч1ей, йорхатай, х1алакъай, бадибе ц1ан к1азги къарай, г1одобе биччараб гьаракьги бугей, бит1араб мац1алъги к1алъалей гьелъул щибниги г1акълуялъул мукъсанлъи дида бихьулеб бук1инч1о. Амма дида кинго бич1ч1унеб бук1инч1о, гьаб заманалда гьединаб иш шагьаралда, сверухъ г1емерал г1адамалги ругеб бак1алда, кин ккезе бегьулебали.

- Дур телефон бугищ?

- Дихъе гьеб кьеч1о.

- Ч1а! Рач1а кинабго тартибалда бицине. Дуда ц1ар щиб?

- Марьям.

- Бице кинабго, кий гьаюрай, г1урай, кинабго! - Къуларалъусаги йорхун, Марьям дихъ ялагьана. Гьелъул рук1ана г1ажаибго роц1арал зодикьерал, х1инкъигун ургъалил ц1урал берал. Гьелъул бераз гьикъулеб бугин кколеб бук1ана «бегьиладай т1оцее йихьарай дуда кинабго бицине» - ян. Дица гьелъие, къокъ гьабун, бицана киса щий дунго кколеяли, ва кин гьание ккараяли.

- Гьалмагъ ятила мун киедай кканаян.

- Ятила, амма гьабсаг1ат аслияб жо буго дур ва лъималазул къисмат. Бице кинабго.

- Дун гьаюна ва г1уна муг1рузул росулъ муг1алимзабазул хъизаналда. Эбел йик1ана г1урусай, ц1алулеб бак1алда инсуца йокьун ячарай. Дир вук1ана к1удияв вац Ах1мад ва гьит1инай яц Асият. Нижер бук1ана талихъаб хъизан, киналго рокьулаан цоцазе. Лъай батаралдаса дица рахъулаан суратал. Кин кколеб бук1ун батаниги, дир кодоб къалам, ручка, мел, лах1 ч1аголъун рач1унаан ва цебе ккараб бак1алда дица рахъулаан суратал. Киналго х1икмалъун рук1унаан дир махщалида.

Эбелалъ абулаан: «Гьал муг1рузда дур цересел чаг1азул гьединаб махщел бугев чи гьеч1о. Дир рахъалдасан рук1ун ратила махщалилал. Пайда щиб, гьезул х1акъалъулъ щибниги лъаларелъул»,-ан. Лъималазул рукъой г1урай гьелда жийго киса ва щиялицин лъалароан.

Чанго нухалъ дир суратал рит1ун рук1ана конкурсазде ва халгьабиязде. Цо нухалъ инсуца ячун йик1ана дун Махачхъалаялде цо суратазул цебелъеялде. Гьенив Москваялдаса художникас, ц1ех-рехги гьабун, дунгунги к1алъан, живго т1адеги валагьун, дида чанго суратги бахъизабун, инсуда абуна, ич1го класс лъуг1игун, Москваялде жидихъе ячейин ясан. «Гьаб х1икмалъи, хал гьабич1ого, тезе бегьуларо», - ян жиндегоги абун, гьес кьуна инсухъе адрес ва т1адвуссун гьарана жиндихъе рач1аян. Эмен разилъана ва ниж рукъоре т1адруссана. Эбел ц1акъ йохана нижеца бицаралдаса. «Дир яс, суратал рахъулаго, цоги дарсалги нахъе ккезе тоге, Москваялда лъаялдалъун борцуна кинабго», - ян абуна гьелъ.

Нижер киналго лъик1 ц1алулаан, вацасе бокьулаан математика, дие – биология, география. Гьит1инай Асият жиндирго щуйилаздаса йохун, эбел-эмен г1адин, муг1алимлъун яхъине йигилан анищал гьарулей йик1унаан.

Цо лах1заталда гьеб берцинаб г1умруялъе ахир щвана. Г1усги унтун, к1аркьен гьорорай Асиятги ячун, эмен ана райцентралде. Т1адруссуда г1урулъе бортана гьел рек1араб машина. Дир яцалъулги машина бачунев чиясулги жаназаби гьеб къоялъго кодоре щвана. Лъабго къоялдасан гурони инсул жаназа батич1о. Лъабабго къоялъ, кьурул раг1алдаги ч1ун, гьев ах1улей йик1ана эбел. Хадуб бук1ана бицине к1олареб къварилъи, рак1 т1ун унеб бугин кколаан дида. Г1емераб мехалъ эбелалда к1веч1о рук1алиде яч1ине. Гьелда г1одизецин к1олароан, г1иц1го угьи бук1ана гьелъул рек1елъан бач1унеб. Хадусеб соналъ вац ц1ализе лъугьана политехническияб институталъул бак1ал раялъул факультеталде. Эбел школалде х1алт1уде яхъана. Дица рахъулел суратазул кьер лъугьун бук1ана бец1аб, ч1ег1ераб. Гьеб кинабго к1очон тана вацасул хисараб г1амалалъ. Нижеда бич1ч1унареб хабар бицине лъугьана гьев. Расги бахчун, к1азалги кьан, х1алт1удаса ва ц1алудаса рукъор ч1ей т1алаб гьабулеб бук1ана гьес дидаса ва эбелалдаса. Диналъул х1акъалъулъ гьесул харбал рук1ана нижер бич1ч1еналдаса бат1иял. Дир эбелалъ босун бук1ана нилъер исламияб дин, как бай ва к1ал кквей бук1ана нижер хъизамалда т1убазабулеб ишлъун. Эбелалъ х1аракат бахъулеб бук1ана вас кант1изавизе, амма гьев заман анаг1ан хисулев вук1ана. Гьесие рихарал рук1ана х1укумат, школа, росдал дибирцин. Квешаб гурони вацасда бихьулеб бук1инч1о. Кинабго сверухъ хисизе гьабизе кколилан ч1ун вук1ана гьев. Гьес дие гьукъана сурат бахъизе ва рухъана дир киналго рахъарал суратал. Рак1 унтарай эбел больницаялда егидал, гьелдасацин рази вук1унароан Ах1мад.

Вац рукъове вач1инч1ого лъик1аланго заман ун бук1ана. Эбел лъик1 лъугьана ва х1алт1уде яхъана. Цо къоялъ нижер рукъоре рач1ана г1емерал полициялъулал ва байбихьана ч1ухь базе. Гьез щущазабулеб бук1ана рукъоб, азбаралда, жеги т1охикь ва бокьобцин бугебщинаб. Т1убараб росуго бак1арун, г1адамал ралагьун рук1ана нижер доба кколелъухъ. Маскаби хурал эбелалда ва дида квешго к1алъалел рук1ана. Гьез абулеб бук1ана бахчун бугеб жо кьеян. Эбелалъ рагьулел рук1ана гьезие киналго нуц1би, бихьизабулеб бук1ана гьез абурабщинаб. Ах1мадил рукъоб батараб цо т1еренаб т1ехьги тетрадьги росун, машинаялъуре нижги рахинарун, гьел райцентралде т1адруссана. Т1убараб сордо нижеца рогьана полициялъул рукъоб, гьезул суалазе жавабал кьолаго. Нижеда гьикъулеб бук1ана вацасул бухьен бугезул, гьез бицунелъул х1акъалъулъ. Эбелалъ гьезие кинабго бицунеб бук1ана ва дун гьалбадерил дое йиччаян гьарулеб бук1ана. Радал вач1арав ц1ик1к1араб чиналъул чияс, хъварабги ц1алун, эбелалда абуна: «Дида лъалаан дур рос, нужер рукъовги дун чанго нухалъ вук1ана. Рак1алде щоларищ»?-ан. Эбелалда лъана гьев чи ва гьел, халатккун, к1алъалел рук1ана. Дун макьидаги йосун, г1одой ч1аралъуйго кьижун ккана. Хадуб дида лъана гьев чияс эбелалда бицараб. Ах1мад, ц1алиги рехон тун, цевего рохьилалгун бухьеналда вук1ин, гьезда цадахъ вагъулев вук1ин тасдикъ гьабизе, гьес эбелалда рихьизарун ругоан сураталги, камераялда бахъарабги. Жиндирго машинаялда нижги рукъоре щвезарун, т1ок1алъ рахъ1атбахъи бук1инаринги абун, полициялъулав ана. Эбел, халатбахъараб сих1 къот1иялда, ч1ун йик1ана. Цинги гьелъ дун йит1ана инсул вац Мух1амадида хадуй. Гьевгун ва гьесул лъадигун бук1араб эбелалъул хабар дида раг1ич1о, свакарай дун аск1об бугеб рукъой кьижун ккун йигоан. Радал яхъинелде, дида эбел хун ятана. Хадусеб дида рак1алдацин гьеч1о. Имг1алас дун жидехъего ячана, вацги рукъове вач1инч1о.

***(Хадусеб бук1ине буго)***

# Байрахъалъул къоялде




Дагьал цpraегeг1ан къояз районалъул культураялъул Централда т1обит1ана Россиялъул байрахъалъул Къоялда хурхараб данделъи. Гьенир г1ахьаллъана- **«Релъедакунч1», «Къункъра»** лъималазул ахаздаса гьит1ичал, искусствоялъул школалъул, Дилим росдал гимназиялъул ва Калининаулалъул гьоркьохъеб школалъул ц1алдохъаби.

Районалъул библиотекаялъул директорасул заместитель М-Х1. М-р. Мух1амадх1абибовас, баркиялъул раг1абаздаса хадуб, гьениб абуна: **«Россиялъул пачалихъияб байрахъалъул Къо ккола хасаб байрамлъун. Гьеб буго, «Дун-Россиялъул гражданин» абураб ах1и рек1елъ бук1унел патриотазул къо**-, ян.

Байрам берцин гьабуралльун рук1ана гьит1ичазул ва ц1алдохъабазул церерахъинал. Гьединалго тадбирал т1орит1ана Гуни (Бесират Адуева) ва Хубар (Марьям Г1абдусамадова) росабазул культураялъул рукъзабахъги. Рукъзазе нухмалъулез гьениб бицана Россиялъул байрахъалъул тарих, г1уц1ана бат1и-бат1иял конкурсал ва рикьана байрахъалъул кьерал ругел лентал.

Гьел тадбиразда жигараб г1ахьаллъи гьабуна культураялъул Централъул ва искусствоялъул школалъул х1алт1ухъабазги.

Гьенирги концерталъулаб программагун цере рахъана лъималазул ахазул гьит1ичал.

*Рисалат СУРХАЕВА,*
*ЦТКНРалъул бет1ерай специалист.*

## Объявление о проведении публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка

Согласно Решения №6/4 «О проведении публичных слушаний» администрация СП «село Ленинаул» сообщает о проведении 03.10.2018г. публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка с вида «под постройками» на «для социальных объектов» площадью 9066 кв.м., с кадастровым номером 05:12:000004:1526, расположенного по адресу: РД, Казбековский район, с.Ленинаул.

*М.З.БАТИЛГЕРЕЕВ, глава АСП «с.Ленинаул»*

## Лъазаби
## Х1урматиял районцоял!

Нужер рес буго г1ечул, ч1ах1иябгун г1исинаб баг1алидал, кокомил, алчаялъул ва х1аваг1ечалъул гъут1би х1ажаталъур ч1езе рач1инаризе.

Гьезде х1ажалъи ккарал рач1ине бегьула районалъул росдал маг1ишаталъул Управлениялде яги к1алъазе бегьула гьаб номералде:

**8-988-276-17-27.**

**Росдал маг1ишаталъул Управление**

# РакI-ракIалъулаб баркала



Ахириял соназ цIикIкIунеб буго гурхIел-рахIмуялъул, хIажатаб кумек гьабиялъул хIужаби. Гьеб рахъалъ цебесеб кьерда ругин абизе бегьула нилъер районалъул гIадамалги.

Дун, цо-цо ккун, росдае, гIадамазе гьабураб ва гьабулеб кумек рехсезе лъугьинаро, гьелъул хIакъалъулъ, гIатIидго, хъвана ва хъвалеб буго районалъул **«Чапар»** газеталда.



Лицеялда, цIалул сон байбихьилелде, директор Язрапат Шамхаловна Юсуповалъул хIаракаталдалъун ва лицей лъугIун аразулгун (57-аб. выпуск, классазе нухмалъулеллъун рукIана- Аминат ГIабдулкъадировна МухIамадова ва Гацу ТIарикъатовна МухIамадхIабибова) ОМВДялъул хIалтIухъабазул (хасго СОГалъул), ГI. ХI. Халидовасул бетIерлъиялда, кумекалдалъун, лъимал хьвадиялъе санагIалъи букIине, гьабуна тротуар, азбаралде тIуна бетон ва гьенир лъуна ц1иял кавабигун чали. Гьелъул хIасилалда, тIубанго хисана лицеялда сверухълъиялъул **«гьумер»**.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе, лицеялъул тIолабго коллективалъул ва умумузул рахъалдасан,57-аб. выпускалъул гIолохъабазе ва ОМВДялъул хIалт1ухъабазе.

*АбутIалиб МухIамадов, райСобраниялъул депутат.*

# Домашний лекарь

**Медовый спас**

При экземах и ранах эффективна мазь, которую можно сделать самостоятельно.

Понадобятся пчелиные соты (кусочек величиной с ладонь) и 3 столовые ложки растительного масла. Кипятить всё на водяной бане 2 часа. Масса должна достигнуть консистенции вазелина.

Получившаяся мазь прекрасно заживляет пораженные участки кожи.

***Мильхина Л.В. Р. Алтай***

**Мазь от герпеса**

Нужно взять 120 г йогурта, лучше I домашнего, хорошо размешать в нем 1 чайную ложку растворимого кофе, • 2 растертых зубчика чеснока, 1 столовую ложку меда и 1 столовую ложку кукурузной муки.

Мазь нанести на пораженные участки. Когда подсохнет и отвалится, процедуру повторить. Можно делать несколько раз в день.

Мой муж страдает герпесом весной if и осенью, и ему такая мазь очень помогает

***Югрина С.А., Р. Коми***

*Журнал "1000 советов" (№13 2018г.)*

Бетlерав редактор:
Мухтар Гlалиевич Чупалаев
тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь:
Мухlамад-Шарип
Гlабдулашимов
тел: 55-48-95

Мухбирзаби:
Хlалимат Каримова,
Ибрагьим Идрисов,
Сапият Султанмухlамадова
Фотомухбир:
Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо Хlайбаева
Верстка: Марьям Атавхlажиева,
Зайнаб Гlабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес:
Хасавюрт шагьар, ООО
"Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.
Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация
МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул)
адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,
368141, Саид-Афандил къват1,2
Индекс: 51354
Заказ №124 Тираж 1300
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД
19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола